*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

**ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»**

№7 (60527) * 2020 с. * 17 февраль * 23 жумадул авал * 1441 с. * итни *

## Рамазанил иргадулаб бергьенлъи



**Гьаб соналъул 8- 9 февралалда Каспийск шагьаралъул ГI. ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб кIалгIаялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ чIахIиязда гьоркьоб республикаялъул чемпионат.**

10 батIи – батIиял цIайиязда гьениб гIахьаллъи гьабулел рукIана 300 ялдаса цIикIкIарал гугарухъабаз. Гьениб призалъулал бакIал ккурал спортсменазе медалал гуребги ихтияр щолеб букIана Севералъул Кавказалъул Федералияб Округалъул зоналда гIахьаллъи гьабизе. Къецал хIалуцарал рукIана. Дандияздa тIад ракIчIарал бергьенлъабиги росун нилъер ракьцояв Рамазан Багьавудинов 57 кг. цIайиялда вахъана Дагъистаналъул чемпионлъун. Гьаниб рехсей гьабичIого гIоларо Хьаргаби росулъа Р. Багьавудинов ругьун гьавулев вукIана ГI – ХIаким Шапиевасда цеве ва лъикIал хIасилал рихьизе гьарун рукIана гIолилазда гьоркьоб. Гьале кIиябго сон унеб буго Рамазан МахIачхъала шагьаралъул ХI. ХIамидовасул цIаралда бугеб спортивияб школалда Ж. ГIалиевас ругьун гьавулев вугелдаса.

Жамал ГIалиевас бицана Рамазаница гьаб соналъул январь моцIалда гIахьаллъи гьабизе кколеб букIанин республикаялъул юниоразда гьоркьоб тIобитIулеб чемпионаталда, амма чорхол сахлъи лъикIаб букIинчIолъиялъ гьеб биччан тезе кканилан. ЧIахIиязда гьоркьор тIоритIулел къецазда гIахьаллъи гьаби кколин гьесул байбихьи. Гьесул бергьенлъиялда дица гIажаиблъи гьабичIин, тIоцебесеб бакIалде вачIинчIони призалъулаб бакI Рамазаница босизе бегьулеблъи жидеда лъалаанилан. Рамазангун цадахъ хIалтIизе гъира букIунилан, гьев захIмат бокьулев, гьунар бугев гугарухъан вугин ва гьес жеги чIахIи – чIахIиял бергьенлъабаз нилъ киналго рохизеги гьарилилан.

РакI – ракIалъго баркула Рамазанида республикаялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ чIахIиязда гьоркьоб чемпионлъун вахъи, хьулги буго жеги I8 сон бачIев гIолилас нилъ, спорт бокьулел, хадурккунги гIемерал рохизе гьарилилан.

**Сураталда:** Р. Багьавудинов

### ХIурматиял районцоял!

**Интернеталда хIалтIизе байбихьун буго «Церехун» газеталъул «Зуберха» сеталъулаб издание.**

Гьениб гIатIидго хъвалеб буго республикаялъул, муниципалиял цIиял харбазул.

Яндексалда «Зуберха. ru» яги «ZUBERHA.ru» бищараб мехалда жанире лъугьине бегьула. Гьединго бегьула гьенир ругел макъалабазе къимат кьезе, нужерго пикраби загьир гьаризе.

**«Церехун»
газеталъул редакция**

### Уважаемые жители района!




**Начиная с 2020 года перестают действовать страховые полиси выданные страховой компанией ВТБ и СОВИТА.**

Просим всех явиться для регистрации новых полисов в МФЦ или кабинет за администрацией с. Гергебиль.

При себе иметь полис старого образца, паспорт, снилс, для детей свидетельство о рождении.

## Советиял аскарал къватIире рачаралдаса – 31 сон



**Афгъанистаналдаса Советиял аскарал къватIире рачаралдаса 15 февралалда тIубала 31 сон.**

1979 соналъул декабралъул ахиралда Афгъанистаналъул гьариялда рекъон, интернационалияб кумек хIисабалда нилъер пачалихъалъ хIукму гьабуна цо къадар аскаразул кумек хIисабалда Афгъаниста-налде битIизе.

Гьелъул хIасилалда лъана хадусеб гIелалдаги рагъул кьогIлъиги, балагьги, камиялги. Гьедин байбихьана 9 сонги цо моцIги ва 18 къоялъ халатбахъараб Афгъанистаналъулин абулеб рагъ.

Рагъдаса нахъ вуссинчIо 15 азаргогIан чи, Дагъистаналдаса гьеб рагъулъ гIахьаллъана 3 азарго чи ва къаникье щапана 140 гIолохъанчи. Нилъер районалдаса гIолохъабиги гIахьаллъана Афгъанистаналъул рагъулъ ва мустахIикълъана рагъулал орден – медалазе. Баркула киналго Афгъан рагъул гIахьалчагIазда гьезул къолъун чIезабураб 15 февраль. Щулияб сахлъиги, халатаб гIумруги, талихIги гьарула нужее.

СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ
МР «ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

11.02.2020г. № 01-34/08

## Президиума Собрания депутатов МР « Гергебильский район» о созыве 36-й сессии Собрания депутатов МР «Гергебильский район» шестого созыва 25 февраля 2020г.

Заслушав и обсудив информацию Председателя Собрания депутатов МР « Гергебильский район» о созыве 36-й сессии Собрания депутатов МР «Гергебильский район» шестого созыва, Президиум Собрания депутатов МР «Гергебильский район» -

**Постановляет:**

1. В соответствии с пунктом 1, статьи 25 Устава Муниципального района « Гергебильский район», статьи 9 Регламента работы Собрания депутатов, Порядком подготовки, оформления и внесения проектов решений в Собрание депутатов, созвать 36-ю сессию Собрания депутатов МР «Гергебильский район» шестого созыва 25 февраля 2020г. в 10 -00 часов в помещении актового зала администрации МР « Гергебильский район»

2. На основании ст.13 Регламента Собрания депутатов МР «Гергебильский район» включить в повестку дня 36-й сессии Собрания депутатов МР «Гергебильский район» шестого созыва следующие вопросы:

1.О внесении изменений в решение « О бюджете МР « Гергебильский район» на 2020 год и плановый период 2021 и 2022 годов»

2.Об отчете Главы МР « Гергебильский район» Малачилова Р.М. « Об итогах социально – экономического развития района за 2019 год и перспективах на 2020 год».

3 .Об итогах оперативно – служебной деятельности ОМВД России по Гергебильскому району за 2019 г. и задачах по улучшению оперативной обстановки в районе в 2020 году.

4. Об отчете Председателя Собрания депутатов «О работе Собрания депутатов муниципального района «Гергебильский район» за 2019год»

5. Разные.

**Председатель
Собрания депутатов
МР « Гергебильский район»
М.ТАГИРОВ.**

*нужее баяналъе*

**Ахириял моцIазда законазда хиса-басиял гьарун руго. Бокьун буго 2019 соналъул I декабралдаса нахъе къуваталде лъугьарал РФялъул законазул цIиял актазул рехсей гьабизе**

# ЦIИЯЛ ЗАКОНАЗУЛ ЦIИЯЛ ТIАЛАБАЛ

## Хасалил бурдул.



Автотранспортазда хасалил бурдул лъезе ккола. « Бурдул руге транспорталда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIакъалъулъ» абураб техникияб регламенталда рекъон, географияги хIисабалде босичIого, кинабниги автотранспорт рукIине ккола хасалил бурдул. Гьел гьечIого сапаралъ вахъине гьукъун буго законалъ.

## Налог.




Исана РФялъул налогазул федералияб хъулухъалъ хисизабуна налог кьеян хъван гIадамазухъе битIулеб кагътил форма. Квитанциялда тIад букIине буго уникалияб идентификаторги, кодалги. Гьезул кумекалдалъун рес щола налог кьолев чиясул хIакъалъулъ баянал хехго ратизе, банказул терминаладасагун, мобильниял алатаздаса налог кьезе, бегьула сайталдасанги – личный кабинетги рагьун.

## Ток.



1 декабралдасан нахъе къуваталде лъугьараблъун рикIкIуна токалъул тарифал хисизариялъул хIакъалъулъ буюрухъ. Амма гьеб хIалтIизе буго 2020 соналъул I январалдасан.

## Сим-карта.



ГIадамазул сим-карта мухIкан гьабиялъул мурадалда хIалтIизабизе буго криптография. Телефон хIалтIизабулев чиясда кинабниги хиса-баси лъачIого букIинеги бегьула, амма сим-картаялда тIад рукIине руго Россиялъул шрифталъул хъвай-хъвагIаял.

## Дараби.



« Тропикамид» (ясбер кIодолъизабулеб дару), «Тапентадол» (опиялъулаб анальгетик) ва «Прегабалин» (шукIдул рукIкIине толареб дару) абурал препаратал гьукъун руго аптеказдасан хасаб рецепт гьечIого ричизе. I декабралдаса нахъе рехсарал дараби бальго ричиялъухъ, административияб гIакIаялъул бакIалда, рагьизе буго уголовияб дело. ГIумру цIуниялъе цIакъ хIажатал гьел дарабазда хадурчIун рукIуна наркоманал ва гIарцуда хиял лъурал аптекаялъул бетIергьаби. Гьел ричиялъухъ гуребги, изну гьечIого цIунаралъухъги тамихI гьабизе буго.

## ЦIали.



РФялъул Президентас лъазабуна улкаялъул хIукуматалда лъай кьеялъул стандартал цIи гьареян. Россиялъул лъай кьеялъул академиялъул экспертнияб советалъ гьабуна 500 ялдаса цIикIкIун бадибчIвай, кинаниги стандартал ноябралъул ахиралда Пачалихъалъулаб Думаялъ къабул гьабуна. Масала: Медицинияб вузалда бюджеталъухъ цIалун вахъарав гIолохъанав тохтур ине ккола муниципалияб больницаялде хIалтIизе. ХIисаб гьабулеб буго, кинаб къагIидаялда, чан соналъ медикал хIалтIизе ритIулел абураб суал.

## Банк.




1 декабралдасан нахъе бигьалъаби гьаризе руго банкалъухъа рецIалие гIарац тIад буссинабиялъул рахъал. Судалъ хIукму гьабичIого, бигьалъаби гьабулаан азаралда щунусго гъурущ бецIизе кколеб гогони. Гьанже гьединабго бигьалъи гьабизе буго 3 азарго гъурущ налъи бугел гIадамазеги.

**Р. МУХIАМАДОВ
районалъул прокурор**

# НОВЫЙ ОТЧЕТ В ПФР

**С 1 января 2020 года работодатели обязаны представлять в Пенсионный фонд России новую форму отчетности, которая содержит сведения о трудовой деятельности работника – СЗВ-ТД.**

**Данная отчетность представляется в случае: приема на работу, перевода, увольнения, написания работником заявления о выборе формата трудовой книжки. Имеются ввиду события с 01.01.2020 г.**

Работодателю **не позднее 30 июня 2020 года** необходимо письменно **уведомить** каждого сотрудника о возможности сделать выбор: использовать оба вида книжек или только электронный формат. Заявления о выборе варианта должны быть поданы до 31 декабря 2020 года.

Если к 1 января 2021 года у работодателя не появится повод подать сведения, нужно будет **не позднее 15 февраля 2021 года** сообщить в ПФР о деятельности всех работников. Это будут сведения, сформированные на основании заявлений о выборе формата трудовой книжки. То есть к этому моменту у фонда должны быть сведения обо всех сотрудниках. За год может быть мало случаев их "передвижения", поэтому, возможно, работодателям придется сообщать о большом количестве работников в феврале. Чтобы избежать большой нагрузки в начале 2021 года, лучше передать все сведения в течение 2020 года.




**В 2020 году** информация о приеме, переводе, увольнении и подаче заявления представляется ежемесячно не позднее 15 числа месяца, следующего за отчетным.

При подаче сведений в первый раз, их надо дополнить информацией о трудовой деятельности работника в данной организации на 1 января 2020 года.

**В 2021 году** информация о приеме и увольнении работника представляется не позднее следующего рабочего дня после издания приказа. При переводе или подаче заявления – ежемесячно не позднее 15 числа, следующего за отчетным.

У людей, которые впервые устроятся на работу в 2021 году, все сведения о периодах работы изначально будут вестись только в электронном виде без оформления бумажной трудовой книжки.

За непредставление работодателем сведений в ПФР, представление сведений с нарушением срока или недостоверные сведения предусмотрена административная ответственность (штраф).

В связи с попаданием 15 числа на выходной день, отчет за январь 2020 года представляется **не позднее 17 февраля 2020 года.**

**По вопросам обращаться в Управление ПФР по Гергебильскому району.**

*цIодорлъи гьабе!*

# ТЕРРОРИЗМ – обществоялъе хIинкъи

**Терроризм щиб кколеб? Терроризм гьабулезул мурад щиб ? Гьел суалазе жавабал цо-кIиго рагIудалъун бичIчIизабизе захIматаб буго.**

Терроризм захIматаб такъсир ккола. Къукъа гIадамаз ярагъги кодоб асирлъуде ккула гIадамал, зулму-хIалги гьабун, хIинкъабиги кьун жидер тIалабал тIуразе тIамула.

Террористаз ургъулел балагьал цебеккун лъазе захIматаб букIаниги нилъеда кIола гьезул пиша нахъ чIвазе.

ХIакъикъаталдаги терроризм батIи – батIиял формабазул бугониги, хIасил ва ахир гьелъул цо букIуна: чи чIвай, гIадамал ругел бакIал кьвагьи, гьенир херал, гIисинал, гIайиб гьечIел рукIаниги. Гьедин террористаз гьарурал хIужаби нилъеда дагьал гуро рихьизарулел ругел хъахIилаб экраналдаса, интерненталдаса.

ХIукуматалъул нухмалъулез нилъер халкъалъул гIумру терроризм-экстремизмалъул балагьаздаса цIунарал рукIине гьоркьоса къотIичIого кIвар кьолеб буго.

Терроризмаялъулгун бухьен, гьезул вахIшиял пишаязулъ гIахьаллъаразе РФялъул законалда руго кьварарал тамихIал.

Экстремизмалдагун терроризмалда хурхаразе, гьединазе кумек - квербакъи гьабулезе ва гьезул рахъ кколезе Россиялъул законазул тIалабазда рекъон гьабулеб тамихI цIакъ къвакIараб буго. Чи чIварав чиясе гьабулеб тамихI 6 – 15 сон батани, кванил нигIматаздалъун, дарабаздалъун, автотранспортаздалъун цо нухалъгIаги террористазе кумек гьабурав чиясе гьабулеб тамихI 8 – I5 сон буго.

Жакъасеб къоялдаги терроризм жиндилъ хIинкъи цIикIкIараб балагьлъун бугелъун, бищунго аслияб ва кIвар цIикIкIараб гьелда данде рагъ ккола профилактикияб хIалтIи гьаби.

Гьединлъидал нилъеца гIумру гьабулеб бакIалда профилактикаялъул хIалтIи чучизе биччазе бегьуларо. Гьеб хIалтIи гьабизе тIад гьабурал идарабазги, органазги, районалъул, росабазул администрациязги, жамагIатазги, диниял гIуцIабазги цадахъ рекъон бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола.

Малъизе ккола гIисиназдаги, гIолилаздаги цIодорго рукIине. ЦIодорлъи сундулъ. Лъазе ккола сапаралъ унаго автобусазда, поездазда, рукъазда цере бакIаздаги, гIадамал рукIунел бакIазда лъун батараб сумка, пакет ва цогидабги тIоцIебесеб иргаялда хIинкъи бугеб букIине бегьулеблъи, гьикъизе ва лъазе тIалаб гьабизе ккола гьелъул бетIергьан, гьелъул бетIергьан ватичIони, гьенире жанире раккизе гIедегIизе бегьуларо, батаралъул лъазабизе ккола органазде. Гьединал бетIергьан гьечIел сумкаби-пакетал кьвагьун, пашманаб ахир ккарал хIужаби нилъеда гIемер рагIула ва рихьула хъахIилаб экраналдасан, газет-журналаздаса. Гьединго цIодорлъи ккола цеве-нахъе вихьичIев чи росулъ тирулев вихьани лъазабизе ккола чIахIиязда, органазда. Кьвагьулеб яргъил гьаракь рагIани, кьвагьи рагIулареб рахъалдеги ун телефоналдасан ахIизе ккола органазде. Нужеего зарал ккезе рукIинчIого.

Россиялъул Федерациялъул 2003 соналъул 6 октябралда бахъараб №I3I Федералияб законалъул I4 статьялъул I часталъул, 7.I пунктaлда чIванкъотIун бихьизабун буго росабазул поселениязги терроризмалде ва экстремизмалде данде профилактика, бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе тIадаб букIин. Правоохранительный органазго гIадин, районалъул ва росабазул бутIрузги гьоркьоса къотIичIого профилактикияб хIалтIи гьабизе ккола, ракIалда гьечIел балагьаздаса нилъго цIунаралъун рукIине.

**Р. МУХIАМАДОВ**
**районалъул прокурор**

## Исполнение бюджета МО «село Кудутль» Гергебильского района за 2019 год

| Код главы ведомства | Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Утверждены на 2019 | Исполнено |
|---|---|---|---|---|
| 001 | 100 00000 00 0000 000 | ДОХОДЫ | 68.0 | 85.6 |
| 001 | 101 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 22.0 | 24.7 |
| 001 | 106 0103010 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 16.0 | 21.2 |
| 001 | 10б 0601310 0000 110 | Земельный налог | 30.0 | 39.7 |
| 001 | 200 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 3249.5 | 3539.5 |
| 001 | 2021500110 0000 150 | Дотация бюджетам поселений на выравнивание бюджетной обеспеченности | 2062.0 | 2062.0 |
| 001 | 2023511 810 0000 150 | Субвенции бюджетам поселений на осуществление полномочий по первичному воинскому учёту территориях, где отсутствует военные комиссариаты | 73.0 | 73.0 |
| 001 | 2022004110 0000 150 | Субсидии бюджетам сельских поселений на осуществление дорожной деятельности в отношении автомобильных дорог общего пользования, а также кап. Ремонта и ремонта двор. территор. многокавр. домов населенных пунктов | 994.5 | 994.5 |
| 001 | 2023002410 0000 150 | Субвенции бюджетам поселений на выполнение передаваемых полномочий субъектов РФ | 120.0 | 120.0 |
| 001 | 20245160100000151 | Межбюджетные трансферты передаваемые бюджетам с. поселений для компенсации дополнит расходов | | |
| | | Остаток прошлого года | | 290.0 |
| | | Всего | 3317.5 | 3625.1 |

## Распределение бюджетных ассигнований за 2019 год МО «село Кудутль»

| Учреждение | Вед | Раздел | Целевая статья | Расход | Сумма на 2019 год | Исполнено |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Глава муниципального образования | 001 | 0102 | 999002001С | 121 | 317,0 | 290,9 |
| | 001 | 0102 | 999002001С | 129 | 95,0 | 95,0 |
| Центральный аппарат | 001 | 0104 | 999002003С | 121 | 546,5 | 545,4 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 129 | 166,6 | 166,6 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 244 | 110,0 | 73,2 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 851 | 46,0 | 25,0 |
| ВУС | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 60,0 | 60,0 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 13,0 | 13,0 |
| Прочая закупка товаров, работ, услуг | 001 | 0409 | 994002602Л | 244 | 682,1 | 673,1 |
| Прочая закупка товаров, работ, услуг | 001 | 0409 | 1530020760 | 244 | 419,9 | 419,9 |
| Коммунальное хозяйство | 001 | 0502 | 9940023510 | 244 | 52,0 | 0 |
| Уличное освещение | 001 | 0503 | 994002601Л | 244 | 25,0 | 25,0 |
| Содержание автодорог | 001 | 0503 | 994002602Л | 244 | 110,0 | 94,0 |
| Содержание мест захоронения | 001 | 0503 | 994002604Л | 244 | 0 | 0 |
| Молодежная политика | 001 | 0707 | 994002431Б | 111 | 101,5 | 94,1 |
| | 001 | 0707 | 994002431Б | 119 | 30,7 | 30,7 |
| СДК | 001 | 0801 | 991002440Д | 111 | 307,7 | 307,7 |
| | 001 | 0801 | 991002440Д | 119 | 94,6 | 94,6 |
| Прочая закупка товаров, работ, услуг для обеспечения государств.(муниц) нужд | 001 | 0309 | 9990020670 | 244 | 10,0 | 10,0 |
| | | | | | | |
| ИТОГО: | | | | | 3187,6 | 3018,2 |

**О. М. АБДУЛАЕВ**

СЕЛЬСКОЕ СОБРАНИЕ «СЕЛО КУДУТЛЬ»

*от 25 . 12. 2019 г.* РЕШЕНИЕ *№6*

## О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ НА 2020 ГОД И ПЛАНОВЫЙ ПЕРИОД 2021 И 2022 гг.

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2020год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере **1697,0** тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме **1697,0** тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме **1621,0** тыс. рублей согласно **приложения №1** к настоящему Решению;

2) общий объем расходов сельского бюджета в сумме **1697,0** тыс. рублей;

2. Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов на 2020 год согласно **приложения №2** к настоящему Решению.

### Распределение доходов бюджета на 2020 год по кодам экономической классификации МО с. Кудутль

| Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|
| 000 1 00 00000 00 0000 000 | ДОХОДЫ | 76,0 |
| 182 101 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 24.0 |
| 000 106 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 16.0 |
| 000 106 06013 10 0000 110 | Земельный налог | 36.0 |
| 000 200 00000 00 0000 000 | Безвозмездные поступления | 1621.0 |
| 001202 01001 10 0000 150 | Дотации бюджетам | 1421 |
| 001 202 03024 10 0000 150 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 121,0 |
| 001202 03015 10 0000 150 | ВУС | 79.0 |
| | ВСЕГО: | 1697.0 |

### Распределение бюджетных ассигнований на 2020 год

| Наименование | Функциональная классификац. расходов бюджетов РФ | | | | Сумма тыс.руб |
|---|---|---|---|---|---|
| | РЗ | ПР | цс | ВР | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | б |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 100 | 365.1 |
| | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 306.5 |
| | 01 | 02 | 999002001С | 129 | 58.6 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 0000000 | 000 | 743.5 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 570.5 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 102.0 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 51.0 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 851 | 20.0 |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 100 | 79.0 |
| | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 60.0 |
| | 02 | 03 | 9980051180 | 129 | 19.0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 05 | 00 | 000 00 00 | 000 | 121.0 |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | 9940023510 | 244 | 35.0 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | 25.0 |
| Содержание автомобильных дорог | 05 | 03 | 994002602Л | 244 | 61.0 |
| Содержание кладбищ | 05 | 03 | 994002604Л | 244 | 0 |
| Молодежная политика и оздоровление детей | 07 | 07 | 994002431Б | 100 | 99.9 |
| | 07 | 07 | 994002431Б | 111 | 74.3 |
| | 07 | 07 | 994002431Б | 119 | 25.6 |
| Культура | 08 | 01 | 000 00 00 | 000 | 288.5 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 193.4 |
| | 08 | 01 | 991002440Д | 119 | 58.7 |
| | 08 | 01 | 991002440Д | 244 | 36.4 |
| Физическая культура и спорт | 11 | 01 | 0000000000 | 000 | 0 |
| Мероприятия в области здравоохр. спорта и физической культуры туризма | 11 | 01 | 994002512Б | 244 | 0 |
| ИТОГО: | 00 | 00 | 000 00 00 | 000 | 1697.0 |

**О. М. АБДУЛАЕВ**

## УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ ГЕРГЕБИЛЬСКОГО РАЙОНА!

**Напоминаем, что на базе МФЦ «Мои документы» организовано предоставление целого комплекса коммерческих услуг для разных жизненных ситуаций!**

Планируете построить или зарегистрировать построенное жилье и не знаете, как оформить межевой план земельного участка и технический план здания? Не вопрос! Все, что вам необходимо сделать это обратиться в МФЦ «Мои документы» по Гергебильскому району и доверить всю работу нашему специалисту-межевику!

**ВНИМАНИЕ!** Предупреждаем, что с 2013 года на смену техпаспортам (оформляемые в БТИ) пришли техпланы, в связи с чем техпаспорты, составленные после 2013 года, не имеют юридической силы и не действительны!

Приобрели жилье и хотите переоформить его на себя? Легко! В МФЦ «Мои документы» по Гергебильскому району вы можете обратиться за составлением договоров купли-продажи, дарения, мены объектов недвижимости и тут же направить документы на переоформление в регистрационную палату.

Ваши права нарушены и дело дошло до суда, но не знаете, как правильно составить заявление! Вам в МФЦ! У нас вы можете обратиться за коммерческой услугой по составлению исковых заявлений любой сложности, а также жалоб, апелляционных и кассационных жалоб!

**Все пути к государственным услугам ведут в МФЦ!**

## МУХIАМАДОВ С-М.



2020 соналъул 27 январалда Аллагьасул къадар щун гIумруялдаса ватIалъана нилъер районалъул МагIлиб росулъа «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» ва лъикIав инсан МухIамадов СайгидмухIамад МухIамадович.

СайгидмухIамад гьавуна I936 соналъ МагIлиб росулъ. Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул химиялъул ва биологиялъул факультетги лъугIун гьев 64 соналъ хIалтIана гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьун, нилъер районалъул ХIоцоб, Хьаргаби, Курмиб, МагIлиб школазда. Нилъер районалъул бищун лъикIав, бищун лъай бугев химиялъул ва биологиялъул мугIалим вукIанин СайгидмухIамадин абуниги мекъи ккеларо. Ахирал соназ гьев хIалтIулев вукIана гIагараб МагIлиб гьоркьохъеб школалда . Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, нахъе ругезе гIумруги, сабурги кьеги.

**МагIлиб гьоркьохъеб школалъул коллектив.**

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ
«село Гергебиль»

*№ 6* **РЕШЕНИЕ** *«27» декабря 2019г.*

## О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ НА 2020 ГОД

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2020год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 10272,0 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 10272,0 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 8996,0 тыс. рублей согласно приложения №1 к настоящему Решению;

2) общий объем расходов сельского бюджета в сумме 10272,0 тыс. рублей;

2.Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов на 2020 год согласно приложения №2 к настоящему Решению.

**Председатель сельского Собрания ГАМЗАТОВ М.С.**

*Приложение №1*

### Распределение доходов бюджета на 2020 год по кодам экономической классификации

| Код главы | Код бюджетной классификации | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|
| 000 | 1 00 00000 00 0000 000 | Доходы | 1276,0 |
| 182 | 1 01 02010 01 1000 110 | Налог на доходы физических лиц | 628,0 |
| 182 | 1 05 03010 01 1000 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 9,0 |
| 182 | 1 06 01030 10 1000 110 | Налог на имущество физических лиц | 121,0 |
| 182 | 1 06 06043 10 1000 110 | Земельный налог | 418,0 |
| 001 | 1 17 05050 10 0000 180 | Прочие неналоговые доходы | 100,0 |
| 000 | 2 00 00000 00 0000 000 | Безвозмездные поступления | 8996,0 |
| 001 | 2 02 15001 10 0000 150 | Дотация бюджетам с.п. | 7700,0 |
| 001 | 2 02 35118 10 0000 150 | Субвенция бюджетам поселения п.в.у. | 218,0 |
| 001 | 2 02 40014 10 0000 150 | Межбюд. трансферты, передаваемые бюджетам с.п. из бюджетов м.р. на осуществление части полномочия по решению вопросов местного значения в соответствии с заключенными соглашениями | 1078,0 |
| | | **Всего** | **10272,0** |

*Приложение №2*

### Бюджетная роспись на 2020 год

| Наименование показателя | Гл. | Рз. Пр. | ЦС | ВР | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|---|---|
| Глава МО | 001 | 0102 | 999002001С | 121 | 450,7 |
| | 001 | 0102 | 999002001С | 129 | 136,1 |
| Управление МО | 001 | 0104 | 999002003С | 121 | 867,2 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 129 | 261,9 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 244 | 1107,5 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 851 | 200,0 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 852 | 10,0 |
| Муниципальная пенсия | 001 | 0409 | 994002602Л | 244 | 643,6 |
| ВУС | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 145,6 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 44,0 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 244 | 28,4 |
| Мероприятия в рамках благоустройства | 001 | 0503 | 994002601Л | 244 | 300,0 |
| | 001 | 0503 | 994002602Л | 244 | 3183,2 |
| | 001 | 0503 | 994002603Л | 244 | 10,0 |
| | 001 | 0503 | 994002604Л | 244 | 30,0 |
| | 001 | 0503 | 994002605Л | 244 | 500,0 |
| | 001 | 0503 | 994002606Л | 244 | 1100,0 |
| Молодежная политика | 001 | 0707 | 994002431Б | 244 | 15,0 |
| Сельский дом культуры | 001 | 0801 | 991002440Д | 111 | 874,7 |
| | 001 | 0801 | 991002440Д | 119 | 264,1 |
| Физическая культура и спорт | 001 | 1101 | 994002512Б | 244 | 100,0 |
| **Всего** | | | | | **10272,0** |

## ОТЧЕТ
### исполнения бюджета МО «село Гергебиль» по доходам за 2019 год.

| Код главы | Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Утверждены на 2019г. (тыс. руб.) | Исполнено на 2019г. (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 000 | 1 00 00000 00 0000 000 | ДОХОДЫ | 1138,0 | 2313,2 |
| 182 | 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 562,0 | 838,9 |
| 182 | 1 05 03000 01 0000 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 5,0 | 0,7 |
| 182 | 1 06 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 121,0 | 96,3 |
| 182 | 1 06 06033 10 0000 110 | Земельный налог | 350,0 | 419,3 |
| 001 | 1 17 05050 10 0000 180 | Прочие неналоговые доходы сельского поселения | 100,0 | 958,0 |
| 000 | 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 14937,1 | 14937,1 |
| 001 | 2 02 15001 10 0000 150 | Дотации бюджетам поселений | 7019,0 | 7019,0 |
| 001 | 2 02 40014 10 0000 150 | Межбюджетные трансферты, передаваемые бюджетам СП из бюджета МР на осуществление переданных полномочий | 5695,0 | 5695,0 |
| 001 | 2 02 3518 10 0000 150 | Субвенции бюджетам поселений | 207,0 | 207,0 |
| 001 | 2 02 20041100000 150 | Ремонт и содержание внутрисельских дорог | 2016,1 | 2016,1 |
| | | **ВСЕГО** | **16075,1** | **17250,3** |

## ОТЧЕТ
### исполнения бюджета МО «село Гергебиль» по расходам за 2019г.

| Наименование показателей | Раздел Подраздел | Целевая статья | Утверждено (тыс. руб.) | Исполнено (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|---|
| Глава муниципального образования | 0102 | 999002001С | 562,6 | 475,4 |
| Центральный аппарат | 0104 | 999002003С | 3300,0 | 2884,7 |
| ВУС | 0203 | 9980051180 | 207,0 | 207,0 |
| Уличное освещение | 0409 | 994002601Л | 300,0 | 193,9 |
| Коммунальное хозяйство | 0503 | 994002606Л | 5935,1 | 859,7 |
| Содержание автодорог | 0503 | 994002602Л | 5416,6 | 3871,7 |
| Молодежная политика | 0707 | 994002431Б | 15,0 | 0 |
| Сельский дом культуры | 0801 | 991002440Д | 1138,8 | 1086,9 |
| Физическая культура и спорт | 1101 | 994002512Б | 100,0 | 60,0 |
| **ВСЕГО** | | | **16075,1** | **9639,3** |

**И.о. Главы МО «село Гергебиль» АЛБУРИЕВ Г. М.**

## лъазаби

2002 соналда Хьаргаби къасисеб гьоркьохъеб школалъул 9 класс лъугIун **МухIамадова РахIмат Багьавудиновналъе** кьураб №3306I64 аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIараздa гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ №________. Тираж 1000 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 13 февраля 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00